

Wanuh Busana Kajawèn

GAGRAG NGAYOGYAKARTA HADININGRAT

Déning
Masbekel Sepuh Dwijasetyaprasaja, S.S.

Piwucal Salebeting Busana Kajawèn

Busana adata Jawa adatipun winastan minangka busana kejawèn ingkang nggadhahi pralambang utawi pralampita, utaminipun tumrap tiyang Jawa ingkang asring ngginakaken. Busana kejawèn pepak sanget piwucal ingkang sinandi, pepak piwucal – piwucal luhur.

Piwucal salebeting busana kejawèn punika minangka piwucal ingkang wonten gegayutanipun kaliyan tumindak manungsa ing ngalam donya, amrih saged laras antawisipun jagad alit lan jagad ageng. Gegayutan kaliyan sambetipun manungsa lan manungsa sanèsipun, punapadéné antawisipun manungsa lan Gusti Inkang Akarya Jagad.

Iket / Udheng

Iket / udheng, iket punika minangka sarana panutuping sirah, iket / udheng mengku piwucal supados manungsa punika sageda ngiket raos gunggung dhiri / umuk, mila ingkang puniket punika sirah, jer sirah punika papanipun sedaya pakarti pengangen – angening manungsa.

Rasukan / Busana

- Rasukan, minangka titahing Gusti Ingkang Akarya Jagad manungsa kedah ngrasuk utawi ngracut kapitadosan agami.
- Rasukan ugi minangka pralambang bilih manungsa punika bènten kaliyan tumitahing Gusti sanèsipun.

BENIK / KANCING

- Benik salebeting busana Kajawèn mliginipun tumrap kakung ugi nyasmitani wontenipun Rukun Islam lan Rukun Iman.
- Benik, ingkang wonten kiring lan kanan mengku piwucal bilih salebeting nindakaken samubarang perkawis, sageda kapenggalih kanthi premati, sampun dados kapitunanipun tiyang ngakathah.

LONTHONG / SETAGÈN

- Lonthong / Stagèn, sarana kanggé ngiket saliring hawa raos srakah ing sabarang karya.
- Ingkang punstagèni tata lahir inggih sinjang lan padharan, tata pralampitanipun, inggih sinjang punika gegambaraning gebyaring dunya, lan padharan punika papan dunungipun Supiyah, Aluamah, lan Amarah.

KAMUS / ÈPÈK / SABUK lan TIMANG

- Kamus / Èpèk / Sabuk lan timang, minangka pikukuhing pangiketing Lonthong / Stagèn.
- Manawi manungsa nindaki sadaya pakartining gesang kedah nengenaken buk, tegesipun boten nguja hardaning pepènginan jer sedaya punika namung asipat titipan lan sambutan Gusti Kang Murbèng Dumadi.

BEBED / CURIGA / CENÈLA

- Punika sadaya panjangkeping agesang.
- Bebed / Sinjang, punika minangka sarana bilih manungsa punika kedah saged ubed nggènipun mados pangupajiwa.
- Curiga / Dhuwung / Keris, punika gegambaran gegamaning manungsa gesang kedah saged njumbuhaken larasing panembah. Mbabar sejatining sangkang paraning dumadi.
- Cenéla / Selop, minangka lelandhesaning agesang, amrih saged tansah manglung ing pepadaning Gusti.

WANDANING UDHENG / IKET / BLANGKON

GAGRAG NGAYOGYA



GAGRAG SALA



WANDANING PRANAKAN / SURJAN / BESKAP / ATELA

PRANAKAN



SURJAN LURIK



WANDANING PRANAKAN / SURJAN / BESKAP / ATELA

SURJAN KEMBANG



BESKAP ATELA



WANDANING PRANAKAN / SURJAN / BESKAP / ATELA

BESKAP LANDHUNG



BESKAP SIKEPAN



WANDANING LONTHONG / KAMUS / TIMANG

LONTHONG / KAMUS



TIMANG



WANDANING BEBED / SINJANG / JARIK

GAGRAG NGAYOGYA



GAGRAG SALA



WANDANING BEBED / SINJANG / JARIK

GAGRAG NGAYOGYA




GAGRAG SALA




WANDANING WIRON

WIRON LIMRAH



WIRON ENKOL



WANDANING CURIGA LAN WARANGKANIPUN

GAYAMAN NGAYOGYA



GAYAMAN SALA



WANDANING CURIGA LAN WARANGKANIPUN

BRANGGAH NGAYOGYA LAN
LADRANG SALA



WANDANING CURIGA LAN WARANGKANIPUN

WULAN TUMANGGAL







DENGAN SEMANGAT KARTINI KITA TINGKATKAN
PENDIDIKAN DAN KESEHATAN PEREMPUAN
MELALUI EKONOMI KREATIF
UNTUK MENCAPAI KESEJAHTERAAN KELUARGA



SETYA AMRIH PRASAJA,S.S.

Nampi Kekancangan Abdidalem Rèh Kaprajan
Karaton Ngayogyakarta Hadiningrat kanthi nama
Masbekel Sepuh Dwijasetyaprasaja,S.S.

Guru Bahasa Jawa SMA N 1 Sanden

setyawae@gmail.com

Sumber Kapustakan

Kawruh Sapala Jawa – Setya Amrih Prasaja,S.S.

Lan

Manékawarni sumber sanèsipun.